gazetavpered@list.ru

*Ассаламу гIалайкум!*

# ЦЕРЕХУН

ХЬАРГАБИ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА «ВПЕРЕД»

**№№ 21-22 (6850-6851) * 8 ИЮНЬ 2026 с. * ПОНЕДЕЛЬНИК * 22 ЗУЛ-ХIИДЖА 1447 с. ***

## Ракьцоязул ракI чIухIула!



**Россиялъул Президентасул 2026 соналъул 21 апрелалда бахъараб буюрухъалда рекъон, Хьаргабиса Сайпудин Сайпудинов мустахIикълъана Суворовасул медалалъе. Гьеб даражаялъул медаль кьола рагъулаб хъулухъ тIубалаго бихьизабураб бахIарчилъиялъух ва лебаллъиялъухъ.**

Сайпудин витIана хасаб рагъулаб операциялде, Украинаялда тунка-хIунсиял байбихьараб заманаялъго. Рагъулаб хъулухъ тIубалаго чорхол сахлъи тана. Ккана чанго операция гьабизе.

Жакъа къоялде Сайпудин ккола, СВОялда ракI бацIцIадго рагъулаб хъулухъ тIубалев, взводалъул командирасул заместитель ва миномёталъул командир. Гьев вуго кIиго гIисинал лъималазул эмен, иман рекIелъ бугев вас ва вац. Сайпудин ва гьев гIадинал нилъер киналго гIолилал сахлъиялда рокьоре тIадруссине хъван батаги Аллагьас!

## «Ахирияб цIумур» кьабиялъул байрамал тIоритIана




**26 маялда тIолабго районалъул гьоркьохъеб лъайкьеялъул гIуцIиязда тIоритIана, школа лъугIулел лъималаз гIумруялъул цIияб борхалъиялде гали бегьулеб, «Ахирияб цIумур» кьабиялъул байрамал.**

Районалъул 10 гьоркьохъеб школаздаса, гIаммаб къагIидаялъ, исана къватIире риччалел руго 11 классалъул 41 цIалдохъан: ГIаймаки гьоркьохъеб школалдаса - 18, Хьаргаби №1 школа -7, Хьаргаби №2 школа – 5, КIикIуни школа -5, Кьудукь - 2, Хьартихьуни школалдаса – 4 цIалдохъан.

Гьездаго цадахъ «Ахирияб цIумур» кьабиялъул байрам гIахьал гьабуна 228-го 9 классалъул цIалдохъабазги. Ахирияб сонаузул бихьизабиялда рекъон 9 класс лъугIун цIализе унел цIалдохъабазул къадар цIикIкIунеб буго. Гьединлъидал, 11-леб класс лъугIун унел цIалдохъаби дагьлъулелги руго.

Байрамалда гIахьаллъи гьабула щибаб школалде вакил гьарулел районалъул администрациялъул хIалтIухъабаз, Гьез жидерго рахъалдасан ва районалъул бетIерасул рахъалдасан баркула выпускниказда кIвар бугеб гIумруялъул этап. Аслияб къагIидаялъ, тIаде рачIарал гьалбадерица, школалъул администрациялъ, уммумузул комитеталъул гIахьалчагIаз цIалдохъабазде гьарулеб букIуна цере ругел экзаменал бажариялда кьезе кIвай, гIумруялъул нух битIи, школа, росу - ракь ва район чIухIараллъун гьел рахъине чIахIиязул бугеб мурад.

*Ахир 2-аб. гьурмада*

8 ИЮНЬ – СОЦИАЛИЯВ ХIАЛТIУХЪАНАСУЛ КЪО




### *Баркула!*

**ХIурматиял районалъул социалияб рахъалъ гIадамазе хъулухъ гьабиялъул хIалтIухъаби!**

РакI – ракIалъ баркула нужеда тIаде щолеб бугеб нужер профессионалияб байрам – Социалияв хIалтIухъанасул къо. Нужер бербалагьиялде гъоркье аслияб къагIидаялда ккола чIахIиял гIелалъул янгъизго хутIарал гIадамал, хадуб бербалагьи гьабизе чи гьечIого хутIарал ветераннал, инвалидал, захIматаб гIумруялъул ахIвал – хIалалде ккарал.

Бигьаяб гьечIо нужер хIалтIи, кIудияб сабруги, хIеренлъиги, гурхIел – рахIмуги къваригIунеб нужеца гьабулеб хIалтIи кидагосеб реццалъе мустахIикъаб буго. Божарав вуго хадубккунги нужеца нужерго тIадаб иш тIадегIанаб даражаялда, ракIбацIцIадго тIубазе букIиналда. Гьарула нужее сахлъи, талихI, хIалтIулъ чIахIиял бергьенлъаби.

**М. ТIАГЬИРОВ,**
**«Хьаргаби район» муниципалияб районалъул бетIер**

12 ИЮНЬ – РОССИЯЛЪУЛ КЪО




### *Баркула!*

**ХIурматиял районцоял!**

РакI – ракIалъ баркула нужеда пачалихъалъулаб аслияб байрам – Россиялъул къо.

Россиялъул Федерациялъул пачалихъалъулаб ихтияралъул хIакъалъулъ декларация къабул гьабиялъ кьучI лъуна нилъер улкаялда цIияб пачалихъияб ва жамгIияб гIуцIиялъе.

Гьелдаса хадуб Россиялда щулалъана тIалъиялъул демократияил институтал, шартIал гIуцIана улкаялъул эркенаб экономикияб цебетIеялъе. РакIчIарав вуго, тIолабго халкъалда, нилъер районалдаги улкаялдаги унел хиса – басиязул чIванкъотIарал хIасилал рукIиналда, Россиялъул Федерациялъул къуватаб ва тIегьалеб пачалихълъун лъугьинабизе тIолабго къуват кьезе букIиналда. Гьарула киназего щулияб сахлъи, рекъел, цолъи, гьарулел ишазулъ икъбал ва къуват.

**М. ТIАГЬИРОВ,**
**«Хьаргаби район» муниципалияб районалъул бетIер**

# «Ахирияб цIумур» кьабиялъул байрамал тIоритIана



Байбихьи 1-аб. гьум.



Якъинаб буго, байрамалда бищунго цIикIкIун бербалагьи 11-леб классалъул цIалдохъабазе щолеблъи.

Байрамалъул сценариял киналго школазда релъун аниги, жиб – жиб школалда гьелъул лахIзатал рекIее батIи – батIияллъун рукIуна.

Хьаргаби №2 гьоркьохъеб школалда цебесеб къоялъго байбихьана, байбихьул школа лъугIулел 4 классазул, цинги 9-лел ва 11-леб классазул выпусказул жиде – жидер къачIарал фотозонабазда байбихьун тIолабго сверухълъи берцин гьабизе. Радал школалъул азбаралде ракIарарал лъималазулги умумузулги, учительзабазулги ракIалдещвеялъе цадахъал суратал рахъизе гьира балеб хIалалъ. Школалъул линейкаялда киналго цIалдохъаби ва тIаде рачIарал умумул чIун хадур, хIурматияб горсвери гьабизе цере ахIана 4-лел, 9-лел ва 11-леб классалъул цIалдохъаби. Цере-цере классалъул нухмалъулелгун, цогояб формаялъул ретIа-къайгун, выпускниказул лентабиги рухьун азбар сверун, жидерго бихьизаб хасаб бакIалда чIола. Цинги линейкаялде цере росула Россиялъул ва Дагъистаналъул байрахъал ва школалъул символическияб кIул. Гьел цере росизе ва борхатго ккун цIуниялъе гьаялъул ригIабиги абун цоцахъе кьезе тIадкъала 10 – 11 классалъул бищунго лъикIал, мисалиял цIалдохъабазда.

Лъималазеги гьезул улбузеги рекIее рохел кьолел, тIолабго цIалул сонил хIасилал дандеросиялъул лахIзаталъухъ ралагьун чIун рукIуна киналго.

ЦIалулъ, спорталулъ ва цойги батIи – батIиял кьецазулъ церетIеял ругел лъималазе шапакъатал рикьула. Районалъул лъай кьеялъул управлениялдаса байрамалде ахIарав методист ТI.МучIиевас тIадчIей гьабуна, гьаб араб цIалул соналда Хьаргаби №2 гьоркьохъеб школалъул церетIеял ва хIасилал гIемерал рукIиналда.

Хадубги, кьурди - кечIалъ цIалдохъабазул церерахъиназ байрамалъул ахIвал–хIал берцин гьабуна.

ЛъугIана цойги цIалул сон ва лъималазе роххеллъун кколел риидалил хIухьбахъиялъул каникулазде риччана цIалдохъаби.



ГIицIго, 9-лел ва 11-лел классазул цIалдохъабазул, гьезул умумузул ва учительзабазул рахIат хвараб заманалде байбихьана гьанже. Киназго гьарула гьезие экзаменазда битIккей ва гIумруялда талихI.

## Хьаргаби №1 школа

*Ахирисеб цIумур кьабулеб буго.*
*Ахирияб нухалъ гIенеккун руго,*
*ГIанчIлъиялъул заман нахъ толеб буго*
*Таваккалго гали цебе босизе.*

Киса – кибего улкаялдаго гIадин, кIудияб рохалилаб ахIвал-хIалалда ана ахирисеб цIумур кьабиялъул байрам Хьаргаби росдал №I гьоркьохъеб школалдаги. Школалъул тадбир тIобитIулеб кIудияб азбар букIана исанаги кьер-кьерал шараз, рохалилаб байрам баркун рорхизарурал плакатаз къачIан, берцин гьабун. Гьеб бакIалъе хасаб чIухIи бачIинабулеб букIана ретIа-къан цо кьералъул лентабиги ран къачIан рачIунел выпускниказул васаз ва ясаз. Гьеб байрам кьоялъул гьайбатлъи, бечелъи бачIинабун букIана лъималазул рохел бикьизе рачIарал лъималазул умумузги ва гIагарлъиялъги . Трибуналда нахъа гIодор чIун рукIана ахIарал хIурматиял гьалбал, районалъул администрациялъул бетIер М.ТIагьиров, республикаялъул халкъияб собраниялъул депутат Ж.Нажмудинов, районалъул имам Т.ГIабдулаев ва гьединго цогидалги .



Районалъул администрациялъул бетIер М.ТIагьировас баркана ахирисеб цIумур кьабиялъул къо киналго лъималазда, учительзабазда. Школа лъугIун унезе гьединго гьарана гIумруялъул нухда битI ккей, гьабулеб ишалъулъ икъбал, даимаб гьарзалъиги, талихI, рохелги. Кьуна грамотаби, дипломал предметиял олимпиадазда, спорталъул республикаялъул турниразда тIадегIанал хIасилал росарал цIалдохъабазе ва учительзабазе. Гьединго М.ТIагьировас баркалаялъул кагъат кьуна школалъул директор М. МухIамадовасе хасаб рагьул участниказе кверкакъи гьабуралъухъ.

Школалъул классазул цIалдохъаби ва нухмалъулел учительзаби берцинго горсвериялда чIун рукIана. Школалъул директорасе школа лъугIун унел классазул цIалдохъанас рапорт кьуна школа ахирисеб цIумур кьабиялъул тадбиралде хIадур ругилан. Школалъул байрахъ къватIибе босизе изну кьула, школа лъугIун унел цIалул отличниказе. Школалъул директор М. МухIамадовас школа лъугIун унезда, лъималазе лъай кьолел мугIалимзабазда, тадбиралде рачIарал кидагосел гьалбал умумузда, школалъул дирекциялъул рахъалдасан баркана ахирисеб цIумур кьабиялъул байрам. Гьаб унеб цIалул соналдаги школалъул цIалдохъабаз цIалулъ, общественияб гIумруялъулъ, спорталъулъ, художественнияб хIаракатчилъиялъул конкурсазда, предметиял олимпиадазда тIадегIанал хIасилал росарал цIалдохъабазе дипломал, грамотаби кьуна.

Данделъи бечедаб ва гIатIидаб програмаялъул букIана гьанжего – гьанже школалде рачаразги, выпускниказги рикIкIана ва ахIана цIалул соназде руссинарурал кучIдул. Школа лъугIун унез гIадаталда рекъон зодоре риччана роржине кьер-кьерал шарал. ТIоцебесеб класс лъугIарал гIисичазе цIалулеб мехалъ хIажалъулел тетрадал, кьалмал, ручкаби сайгъатал кьуна, гьез школа лъугIун унезе кьеркьерал тIугьдул кьуна. Тадбиралда кIалъазе рахъараз кIалъаязул ахиралда ракI-ракIалъ баркана выпускниказда школа лъугIи ва гьарана выпускниказе рекIел мурадал киназулго тIураги, ОГЭ ва ЕГЭ-ялъул экзаменал лъикIал балалги щун рихьизе къуват кьеги, - ян. Аваданго ва рохалида тIобитIана ахирияб цIумур кьабиялъул байрам.





1 ИЮНЬ - ЛЪИМАЛ ЦIУНИЯЛЪУЛ ХАЛКЪАЗДА ГЬОРКЬОСЕБ КЪО

# Лъималазул къо кIодо гьабуна









**РоцIараб дунялги. ХъахIилаб зобги. Лъималазул релъиги - разилъиги, гьеб кинабго буго щибал лъималазул умумуз, лъималазе гьарулеб жо. «Лъимал гьечIеб гIумру, - бакъ гьечIеб рагIад», - ян аби буго умумузул.**

ТIоцебесеб июналда лъимал цIуниялъул халкъазда гьоркьосеб къо кIодо гьабула дунялалъул гIемерисел улкабазда . Халкъазда гьоркьосеб лъимал цIуниялъул къо. Гьеб тIобитIулеб буго 1950 соналдаса байбихьун . гьеб къоялда, тIоцебесеб иргаялда, чIахIиязда цоги нухалда ракIалде щвезарула лъималазулги ихтиярал рукIин.

Нилъер хIукуматалда лъималазул гIумру лъикIаб букIинелъун гIемераб кумек гьабулеб буго лъимал гIисинал хъизамазе, чIезарун руго лъималазе кьолел пособияби, хасго ахираб заманалда хIукуматалъ гьелъие гьарулел харжал цIикIкIинарун руго. ЧIахIиязулго гIадин лъималазулги руго чIезарурал жидерго ихтиярал, чIахIиязда тIадабги буго гьезул ихтиярал хвезаричIого гьел цIунизе . Аби буго кинаб бербалагьи нилъер лъималаздехун батаниги, гьединаб букIине бугин гьезул нилъедехун бербалагьиги. Инсанасе лъимер - гьеб буго недегьаб талихI. Бахъуге лъималазухъа гьелъул рагIдукь батулеб гьогьмолъи. Лъималазул талихIалъул кIул буго нилъер щивасул кодоб.

Гьал къоязда Хьаргаби районалда ругел ясли-ахазда тIоритIана тадбирал лъимал цIуниялъул къоялде руссине гьарурал.

ТарбиячагIазул нухмалъиялда гIисичаз бихьизабуна лъимал цIуниялъул къоялде буссинабураб тадбир. Ясли-ахазул тадбирал тIоритIана азбаразда, цIакъ берцинго къачIан букIана азбар, кьер-кьерал шараз, плакатаз . Лъималаз цо-цо ккун цере рахъун цIалана кIучIдузул мухъал, ахIана кучIдул, рихьизаруна кьурдаби , сценкаби. Тадбир лъугIигин гIисичаз риччана зодоре роржине кьер-кьерал шарал.

Гьединго районалъул социалияб рахъалъул централъул реабилитациялъулаб отделениялда рохалилаб ахIвал-хIалалда кIодо гьабуна лъимал цIуниялъул къо. Исана лъимал рачун рукIана районалда бугеб лъималазул клубалде. Гьениб байрамалъул къоялъул хIурматалда тIобитIана гьитIинабго концерт. Лъималаз рикъкана, ахIана кучIдул, гьаруна кьурдаби.

Лъималазул клубалде ахIун рукIана хасаб рагъулаб операциялда гIахьалъи гьабулезул хъизамал ва лъимал ва гьединго гьениса нахъ руссинчIезул лъималги.

Тадбиралда лъималазе кьуна сайгъатал, гьединго букIана хIадурлъун стол батIи-батIиял нигIматалгун.

Кир ругониги, лъил ругониги лъимал балагьаздаса цIунаги, Аллагьас хьихьаги. Бихьугеги гьезда къварилъи, рагъ-къал, ракъи-къеч. Къалъаги лъималазе бакъ, кьеги гьезие талихI.





РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН
СОБРАНИЕ СЕЛЬСКИХ ДЕПУТАТОВ
МО «СЕЛЬСОВЕТ МОГОХСКИЙ»
**Собрание депутатов сельского поселения**
**МО «сельсовет «Могохский»**

## РЕШЕНИЕ

*«18» май 2026 г.* *№ 01-05/04*

### «О прекращении полномочий главы МО «Сельсовет Могохский» Исмаилова Д.К. в связи с истечением срока полномочий»

В соответствии с Федеральным законом от 06.10.2003г № 131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации» и руководствуясь Уставом МО «Сельсовет Могохский» Собрание депутатов сельского поселения «Сельсовет Могохский»

РЕШИЛО:

1. Прекратить полномочия главы администрации МО «Сельсовет Могохский» Исмаилова Давуда Камалудиновича с 18 мая 2026г.

2. Определить, что полномочия главы администрации МО «Сельсовет Могохский» временно до избрания главы будет исполнять заместитель главы администрации МО «Сельсовет Могохский» Алиев Магомед Гаджимурадович.

3. Настоящее решение вступает в силу со дня его принятия и подлежит размещению на официальном сайте администрации МО «Сельсовет Могохский».

**Председатель сельского собрания депутатов МО «Сельсовет Могохский»**
**ДЖАМАЛУДИНОВ М.А.**

РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН
СОБРАНИЕ СЕЛЬСКИХ ДЕПУТАТОВ
МО «СЕЛЬСОВЕТ МОГОХСКИЙ»
**Собрание депутатов сельского поселения**
**МО «сельсовет «Могохский»**

## РЕШЕНИЕ

*«19» май 2026 г.* *№ 01-05/05*

### «О назначении конкурса по отбору кандидатур на должность главы администрации муниципального образования сельского поселения «сельсовет Могохский»»

В соответствии с Законом Республики Дагестан от 16 марта 2015г.№26 «О внесении изменения в статью 2 Закона РД «О порядке формирования представительных органов муниципальных районов РД и избрания глав муниципальных образований Республики Дагестан», Уставом АМО «сельсовет Могохский» и решением Собрания депутатов муниципального образования «сельсовет Могохский» от 30.12.2015 года «Об утверждении Положения «О порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы АМО «сельсовет Могохский», Собрание депутатов Муниципального образования «сельсовет Могохский»

РЕШИЛО:

1. Назначить конкурс по отбору кандидатур на должность главы муниципального образования «сельсовет Могохский» Гергебильского района Республики Дагестан (далее – конкурс) на 15 июнь 2026, в 10 часов 00 минут, время местное.

2. Утвердить условие и Положение о проведении конкурса по отбору кандидатур на должность главы муниципального образования «сельсовет Могохский».

3. Определить местом проведения конкурса администрация муниципального образования «сельсовет Могохский».

4. Обнародовать в срок не позднее 20.05.2026, текст объявления об условиях проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы администрации муниципального образования «сельсовет Могохский», согласно приложению № 1 к настоящему решению.

5. Прием документов на конкурс по отбору кандидатур на должность главы администрации муниципального образования МО «сельсовет Могохский» осуществляется с 20 мая 2026г. по 12 июнь 2026 года включительно с 10.00 час. до 17.00 час. в соответствии с порядком проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы администрации муниципального образования «сельсовет Могохский», секретарем конкурсной комиссии в здании сельской администрации.

6. Настоящее решение вступает в силу с момента принятия и подлежит размещению на официальном сайте АМО «сельсовет Могохский» и обнародованию путем размещения на информационных стендах, расположенных в школе, сельском клубе, в медпункте, в центральной площади села.

**Председатель Собрания депутатов АМО «сельсовет Могохский»**
**ДЖАМАЛУДИНОВ М.А.**
**И.о. главы АМО СП «сельсовет Могохский»**
**АЛИЕВ М.Г.**

*УТВЕРЖДЕН:*
*Решением Собрания депутатов МО « сельсовет Могохский»*
*от «19» май 2026г. № 01-05/05*

### ПОЛОЖЕНИЕ об условиях проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы муниципального образования «сельсовет Могохский»

Собрание депутатов муниципального образования «сельсовет Могохский» Гергебильского района Республики Дагестан, в соответствии с решением депутатов МО «сельсовет Могохский» от 30.12.2015 «Об утверждении Положения «О порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы муниципального образования «сельсовет Могохский»", извещает о проведении конкурса по отбору кандидатур на должность главы муниципального образования «сельсовет Могохский»" (далее – конкурс):

1. Прием документов на участие в конкурсе проводится с 20.05.2026 года с 10.00 до 17.00, время местное и прекращается 12.06.2026 года в 17-00 часов.

2. Подача документов на участие в конкурсе осуществляется по адресу: 368256, Республика Дагестан, Гергебильский район, с. Могох, секретарем конкурсной комиссии по отбору кандидатур на должность главы муниципального образования «сельсовет Могохский», с. Могох Гергебильского района Республики Дагестан (далее – конкурсная комиссия). Номер контактного телефона: 89288754881

3. Право на участие в конкурсе имеют граждане Российской Федерации, достигшие возраста 23-х лет.

4. Гражданин, изъявивший желание участвовать в конкурсе, представляет в конкурсную комиссию следующие документы:

* личное заявление на участие в конкурсе с обязательством в случае избрания прекратить деятельность, несовместимую со статусом главы сельского поселения..

* копия паспорта или документа, заменяющего паспорт гражданина;

* копии документов, подтверждающих указанные в заявлении сведения об образовании, основном месте работы или службы, о занимаемой должности (роде занятий), а также о том, что кандидат является депутатом.

* сведения о размере и об источниках доходов кандидата, а также об имуществе, принадлежащем кандидату на праве собственности (в том числе совместной собственности), о вкладах в банках, ценных бумагах.

* согласие на обработку персональных данных .

5. Конкурсная комиссия выдает кандидату письменное подтверждение получения документов. .

6. По желанию гражданина им могут быть представлены документы о дополнительном профессиональном образовании, о награждении наградами и присвоении почётных званий и иные документы, характеризующие его личность и профессиональную подготовку.

7. Несвоевременное и неполное представление документов является основанием для отказа гражданину в приеме документов для участия в конкурсе.

8. Гражданин не допускается к участию в конкурсе при наличии следующих обстоятельств:

1) отсутствие у кандидата пассивного избирательного права;

2) непредставление в конкурсную комиссию перечня документов, предусмотренных настоящим Положением;

3) наличие среди документов, представленных в конкурсную комиссию, документов, оформленных с нарушением требований настоящего Положения;

4) сокрытие кандидатом сведений о судимости, которые должны быть представлены в соответствии с настоящим Положением.

5) представления подложных документов или заведомо ложных сведений;

6) непредставления или представления заведомо недостоверных или неполных сведений.

9. К участию в конкурсе не допускаются также граждане:

1) осужденные к лишению свободы за совершение тяжких и (или) особо тяжких преступлений и имеющие на день проведения конкурса неснятую и непогашенную судимость за указанные преступления;

2) осужденные к лишению свободы за совершение тяжких преступлений, судимость которых снята или погашена, - до истечения десяти лет со дня снятия или погашения судимости;

3) осужденные к лишению свободы за совершение особо тяжких преступлений, судимость которых снята или погашена, - до истечения пятнадцати лет со дня снятия или погашения судимости;

4) осужденные за совершение преступлений экстремистской направленности, предусмотренных Уголовным кодексом Российской Федерации, и имеющие на день проведения конкурса на выборах неснятую и непогашенную судимость за указанные преступления, если на таких лиц не распространяется действие подпунктов 2 и 3 настоящей пункта;

5) подвергнутые административному наказанию за совершение административных правонарушений, предусмотренных статьями 20.3 и 20.29 Кодекса Российской Федерации об административных правонарушениях, если конкурс состоится до окончания срока, в течение которого лицо считается подвергнутым административному наказанию;

6) признанные судом недееспособными или содержащиеся в местах лишения свободы по приговору суда.

10. Конкурс проводится, если на участие в конкурсе поданы документы не менее двух кандидатов. В противном случае конкурс признается несостоявшимся.

11. Кандидат вправе представить в конкурсную комиссию письменное заявление об отказе от участия в конкурсе. С момента поступления указанного заявления в конкурсную комиссию кандидат считается снявшим свою кандидатуру.

12. Конкурс проводится в два этапа.

13. На первом этапе конкурсная комиссия проводит проверку достоверности сведений, представленных кандидатами, а также проверку соответствия кандидатов установленным требованиям, на основании представленных ими документов, а также информации, представленной правоохранительными органами, иными государственными органами, органами местного самоуправления и их должностными лицами. Изучение указанных документов и информации осуществляется в отсутствие кандидатов.

По итогам первого этапа конкурса конкурсная комиссия принимает одно из следующих решений:

1) о признании первого этапа конкурса состоявшимся с утверждением кандидатов, допущенных к участию во втором этапе конкурса;

2) о признании конкурса не состоявшимся в следующих случаях:

наличия одного кандидата;

признания всех кандидатов несоответствующими установленным требованиям;

подачи всеми кандидатами заявлений об отказе от участия в конкурсе.

14. Второй этап конкурса проводится не позднее 15 дней со дня окончания приема документов.

15. На втором этапе конкурса комиссия проводит оценку профессиональных и личностных качеств кандидатов, допущенных к участию во втором этапе конкурса, их умений, знаний, навыков на основании представленных документов и по результатам конкурсных испытаний.

16. При проведении конкурса используются не противоречащие федеральным законам и другим нормативным правовым актам Российской Федерации и Республики Дагестан методы оценки профессиональных и личностных качеств кандидатов, включая:

1) индивидуальное собеседование;

2) анкетирование;

3) проведение групповых дискуссий;

4) тестирование;

5) устное или письменное изложение своих предложений, программы развития сельского поселения.

17. При оценке кандидатов конкурсная комиссия исходит из:

наличия у кандидатов программ развития сельского поселения;

наличия у кандидатов соответствующего уровня образования, профессиональных навыков и опыта работы, необходимых для исполнения полномочий главы сельского поселения;

профессиональных и личностных качеств каждого из кандидатов.

18. По результатам конкурса конкурсная комиссия принимает одно из следующих решений:

1) о представлении кандидатур на рассмотрение Собрания депутатов.

2) о признании конкурса не состоявшимся

19. Гражданин, не допущенный к участию в конкурсе, вправе обжаловать решение конкурсной комиссии об отказе ему в допуске к участию в конкурсе в соответствии с законодательством Российской Федерации.

# БукIина берцинлъи

**2019 соналъул 31 маялда Россиялъул ХIукуматалъ тастикъ гьабуна №696 пачалихъалъулаб «Комплексное развитие сельских территорий» абураб программа. Программа гIумруялде бахъинабизе хIисабалда букIана 2020 – 2025 соназда жаниб, 2030 соналде щвезегIан халатбахъине ресгун.**

Гьелъие бихьизабун букIана 2,3 трлн. гIагар гъурущ. Гьелдаса I трлн. гъурущ федералияб бюджеталдаса кьезе бихьизабун букIана. Госпрограммаялъул аслияб масъала буго росабалъ ругел гIадамазе гIумру гьабиялъе шартIал ва инфраструктура лъикIлъизари, социалиял хъулухъал щвеялъе бигьалъаби чIезари.

Хьаргаби районалда абуни, программаялда гьоркь, 2027 – 2029 соназда рагIалде бахъинабиялъул масъалаялда чанго объект бихьизабун буго.

Проекталъул сметаялда рекъон, капиталияб ремонт гьабиялъе бихьизабун буго Хьаргаби «Малыш» ясли – ахалъул мина. Гьеб бан букIана 1969 соналъ. Минаялъул площадь буго 1042 кв. м. Гьениб 2020 соналъ чердакалъул ремонтги гьабун букIана. Сметаялда рекъон капиталияб ремонт гьабизе тIалаб гьабулеб буго 85,9 млн. гъурущ, гьелдаса федералияб бюджеталдаса – 83,3 млн.гъурущ.

Капиталияб ремонт гьабизе бихьизабулеб буго Хьаргаби росдал культураялъул рукъ. Мина бан буго 1967 соналъ. Гьелъул площадь буго 565 кв. м. Гьениб 2022 соналда тIоцебесеб этажалда гIодоб бакI ва гордал хисана.

Капиталияб ремонт гьабизе тIалаб гьабулеб буго Хьаргаби лъималазул творчествоялъул рукъалда. Мина бан буго 1968 соналъ.

Гьединго А. Тажудиновасул цIаралда бугеб спортивияб школа. Мина бараб заман ккола 1970 – 1971 сонал.

Капиталияб ремонт къваригIун буго Хьаргаби №1 гьоркьохъеб школалъул минаялъеги. Гьеб бана 1981 соналъ. Минаялъул площадь бащалъула 1797 кв. метраялда. Школалда 2022 соналъ тIоцебесеб этажалда хисун рукIана гIодоб бакIал ва гордал. Капиталияб ремонталъе тIалаб гьабулеб буго 140,9 млн. гъурущ, гьелдаса федералияб бюджеталдасан – 136, 7 млн. гъурущ.

Хьул буго, сметаялде росарал объектал нахъчIвачIого тастикъ гьариялде.




# Заманялъ ругел тату - бахъиял

**Ахираб заманаялъ рарал чвахун цIадазул хIасилалда хIинкъараб ахIвал-хIал бугел бакIал гIемерал руго сверухъ. Гьедин, Урма – Губден нухалда 13 – 16 км участокалъе ккана кIудияб зарал. 2 участкаялда лъел трубаби лъураб ракьалда, иххица бахъун 5 – 10 метра бугеб гъварилъиялъул хъитI лъугьана.**

Гьелда тIадеги кьураби рортун, гIаммаб къагIидаялъ 24 азарго м$^3$ ракьалда, 1900 метраялъул манзилалда нухалъе хиса-басиял ккана.

Гьаб заманалде гьеб участокалда унел руго ремонталъул хIалтIаби. ХIалтIаби гьаризе тIаде босун буго кIиго подрядчияб организациялъ. ХIалтIулеб буго 9 единица хасаб техникаялъул ва нухазул хIалтIухъабазул 15 чи. ХIалтIаби унелгIан заманаялъ, хIалтIизе мукъсанлъи ккечIолъиялъул ва хIинкъи гьечIолъиялъул мурадалда, заманялъ машинаби хьвадизе риччалел руго МахIачхъала – Буйнакск – Лаваша – Гъуниб ва гьединго Манас – Сергохъала – Первомайское маршруталда, Лаваша – Сергохъала нухалде бухьен гьабун.

ХIалтIаби лъугIизе хIисабалда буго 2026 соналъул июнь моцIалъул кIиабилеб бащалъуда.

НАМ ПИШУТ

# Привет из города Мариуполя!

Дорогая редакция, просим вас передать огромный привет и рассказать всем жителям Дагестана о славных сынах Гергебилького района, с. Аймаки.

В 2022 году наш город был расстрелян, разрушен. Погибло очень много людей - это наша боль...

Наш дом, проспект Строителей 38, был наполовину сгоревший, снарядами пробиты две квартиры, в вентиляционном канале застрял снаряд. В полуразрушенном доме жили люди. Все строительные бригады отказывались восстанавливать наш дом. Было заключение - снести.

И тут выходец из Гергебилького района с. Аймаки Магомедов Магома Магомедович приехал с братьями Магомаевым Арсеном Нурудиновичем, Магомедовым Мансуром Ахмедовичем восстанавливать Мариуполь. Много трудностей встретили братья, но взялись восстанавливать наш дом.

Были ещё прилёты ракет, громыхало. Старший дома Арсен Нурудинович просил Аллаха о том, чтобы снаряд не попал в наш дом. Мансур Ахмедович на дом выдавал из склада больше стройматериалов, а Магома Магомедович доставал и привозил то, что невозможно было найти в разрушенном городе.

Бригада разрешила жителям проживать в своих квартирах (хоть и было постановление не положено). Благодаря Кавказском у темпераменту, работоспособности и горящим глазам удачно была отсечена и снесена половина сгоревшего дома. В уцелевшей части крыша была разбита. Только сняли разбитое покрытие, пошёл ливень. Жители пятого этажа были по колено в воде. Арсен обнимал всех и приговаривал: - Потерпите, родные.

Было очень много сложных моментов, но ребята справлялись. Они выполнили самые трудные работы по восстановлению дома №38, проспект Строителей в городе Мариуполе.

Сейчас почти завершено строительство нашего дома, но все жители с благодарностью и уважением вспоминают Магому, Арсена. Мансур ещё работает на объектах города. Передаём им и их семьям слова благодарности, огромный привет.

Привет из города Мариуполя!!!

**Антонина и все жители дома №38**

# ХIасилал гьадинал ккана

**Нилъеда киназдаго лъала 25 – 31 маялда тIобитIана цебеккунго «Единая Россия» партиялда жаниб гьарулел рищиял (Праймериз), сентябралда тIоритIизе ругел рищиязда мустахIикъал кандидатал рихьизаризелъун.**

Дагъистаналъул халкъияб Собраниялде рищизелъун нилъер районалдаса Праймеризалда кандидаталлъун гIахьаллъи гьабуна ичIго чияс.

Гьоркьехун бахъулеб буго Хьаргаби районалда цереккун гьарурал рищиязул ккарал хIасилал.

**МАЛАЧИЛОВ Хайбула Магомедович**
1961 года рождения; место жительства - Республика Дагестан, город Махачкала; временно неработающий; член Партии «ЕДИНАЯ РОССИЯ» - 704 голоса

**НАЖМУДИНОВ Джамалудин Гамзатович**
1972 года рождения; место жительства - город Москва; Народное Собрание Республики Дагестан, заместитель председателя Комитета Народного Собрания Республики Дагестан по культуре, делам молодежи, спорту и туризму; член Партии «ЕДИНАЯ РОССИЯ» - 363 голоса

**МАЛИКОВ Асхабали Шарабудинович**
1985 года рождения; место жительства - Республика Дагестан, Гергебильский район, село Аймаки;

Администрация Муниципального района «Гергебильский район», заместитель Главы; член Партии «ЕДИНАЯ РОССИЯ» - 305 голосов

**МАГОМЕДОВ Магома Магомедович**
1974 года рождения; место жительства - Республика Дагестан, город Махачкала; временно неработающий; член Партии «ЕДИНАЯ РОССИЯ» -286 голосов

**ОСМАНОВ Салим Курбанович**
1978 года рождения; место жительства - Республика Дагестан, Гергебильский район, село Кикуни; Муниципальное казенное учреждение Управление образования администрации муниципального района «Гергебильский район», исполняющий обязанности начальника; член Партии «ЕДИНАЯ РОССИЯ» - 119 голосов

**МУСАЕВ Шамиль Омарович**
1986 года рождения; место жительства – Республика Дагестан, Гергебильский район, село Аймаки; Муниципальное казенное учреждение «Управление административно-технической инспекции и муниципального контроля Администрации города Махачкалы», главный специалист технического отдела; беспартийный; участник специальной военной операции – 118 голосов

**ЛАТИПОВ Магомед-Амир Абдулатипович**
1989 года рождения; место жительства - Республика Дагестан, Гергебильский район, село Аймаки;

Федеральная служба войск национальной гвардии Российской Федерации Росгвардия войсковая часть 6913, водитель отделения специальных машин; депутат Собрания депутатов МО «село Аймаки» на непостоянной основе; сторонник Партии «ЕДИНАЯ РОССИЯ»; участник специальной военной операции – 114 голосов

**ГАДЖИЕВ Камиль Идрисович**
1954 года рождения; место жительства - Республика Дагестан, город Махачкала; Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Республиканская клиническая больница им. А.В. Вишневского», врач- хирург; член Партии «ЕДИНАЯ РОССИЯ» - 71 голос

**ГИТИНОВ Магомедали Магомедович**
1958 года рождения; место жительства - Республика Дагестан, Гергебильский район, село Курми; Филиал Публичного акционерного общества «Россети Северный Кавказ» - «Дагэнерго», начальник отделения; член Партии «ЕДИНАЯ РОССИЯ» - 62 голоса.

# Риидалил каникулазул хIухьбахъи

**Каникулазул заманалда киса кирего гIадин шагьаралдаса магIарухъе ва магIарухъа шагьаралде ритIула лъимал хIухьбахъизе. Гьеб заманалъ гьезулгун тIобитIизе ккола бичIчIикьеялъул батIи батIиял темабазда данд чIваял.**



Ай риидалил заманаялда лъехъ, хIорахъ, лъарахъ, гIорахъ, ралъдалъ цIунизе ккола низамалъул, лъим хазе лъалеб гьечIони гьенир лъугьине бегьунгутIиялъул, бачIунеб карачелалдаса тIуризе ккеялъул, аскIов кIудияв чи гьечIого лъелъе ин гьукъун чIезе гьариялдаса, лъелъ щекI буккун чи хвезе бегьиялъул, гъанкъизе рес букIиналъул ва кколел квешал хIасилазул.

Гьел лъимал гьоболлъухъ ругилан яги росулъ ругониги хадуб хал гьабичIого тезе бегьуларо. Риидалил каникулал кьун ругилан жодейилан гьезул рукIуна жодерго хасал пикраби, анищал. Гьедин тIалаб гьечIого гьел тани гьезул хIасил букIуна квешаб. Гьединлъидал гьел лъималазда къойилго тIад чIей гьабун, школазул орг-комитеталъ лъималазул лагераз, культураялъ, батаниги лъималазда гьоркьоб гьоркьоса къотIичIого гьел батIи батIиял расанкIаби хIаялдалъун, къецаздалъун руссинаризе ккола. Кьурул сиртаздеги, кьурабаздеги цоги къваригIил гьечIел бакIаздасаги гьел руссун рукIине гьелде гьел регIизе течIого.

Хуриб бакIазда, гIорхъалай чIвараб бакIазда, пухида аскIоб спичка хъинтIун цIаял гъун расандизе бегьунгутIи, бакъвараб харида рекIараб цIа цоцахъе кьун гьороца хъамун ун цIа кколеблъи ва гьелъул хIасилалда жалго рухIизе бегьулеблъи бичIчIизабизе ккола.

РакIалде ккола эбел инсуца, чIахIияз лъималазухъ тIалаб чучлъизе теларилан, гьезда хадуб хал ккелилан, нилъерго рокъобе къварилъи бачIинчIого букIине.

**М. ГI. ГIУСМАНОВ,**
**34 Хьаргаби районалъул пожарнияб часталъул нухмалъулев**

***Халкъияб медицина***

## Тутидул гъветI, (тутовник)

Даруялъе хIалтIизарула тIугьдул (май), тIанхал (июнь-август) кару, гIолохъанал гIаркьалаби, букIдул, кьалбал. ХIадурула тIокIкIел, гьагIо, гIен, сироп, порошок, мазь. Ракъварал тIамхазул тIокIкIел хIалтIизабула бида гъорлъа чакар дагь гьабизе, каруялъул тIокIкIел хIалтIизабула гъиз лълъама гьабизе. Карудал гIен 1:1 лъимгун жубала ва кIал, щекъер-мукъулкъ хулизе, гьеб ругъун, язва лъугьун унтун бугони. ТIамхазул гIеналъ кумек гьабула ругъун, язва, лихорадка, гIусал цIунун ругони.

Кьалбазул гIеналъ гIусазул цIуни къотIизабула, гъиз лълъама гьабула. Каруялъул гIен чакаргун гьализабун кумек гьабула рекIел унтаби ругони, би дагьлъун бугони, крапивница, скарлатина, ругъун, язва бугони.

Макъаралъул, тIамхазул, кьалбазул тIокIкIелалъ кIущудизарула, цунтрул рачIинарула, хьордораб бакI бихъизабула. ХIалцен, бронхит, бронхиальная астма, эпилепсия, бидул тIадецуй цIикIкIун бугони.

ГIолохъанал гIаркьалабазул гьабураб гьагIоялъ ботIрода жаниб бугеб бидул тIадецуй бахъула, мерцательная аритмиялъеги кумек гьабула, би лъикI хьвадизе кумек гьабула. Каруялъул гIен, лъин гъорлъ жубараб, хIалтIизабула ангина, катар, гингивит, стоматит бугони, гьелъ гIосол унти къотIизабула.

ХъахIаб каруялъул тIанхазул бахъараб тIокIкIел хIалтIизабула квач хъван унтани, бидулъ чакар цIикIкIани, рекIел гIунгутIи бугони, кьаралъун-виццалъун лъугьани гьекъела букIдузул тIокIкIел. Макъаралъул гьабураб порошок хурдузул нахалдаги билъун, хIалтIизабула ругъун, къотIараб бакI, букIараб бакI сах гьабизе. ТIамхазул порошокалъ чакар гIодобе ккезабула.

Кару буго витаминал гъорлъ бугеб нигIмат (С, провитамин А) би цIикIкIинабула, ццин бачахъула, би бацIцIад гьабула, къеч хьвазабула, квач хъвараб мехалъ, керен цIерхIезабулеб бугони, кванирукъ, хъват-бакь унтун бугони, рекIел порок бугони, кванда гьоркьобе гьабула. Миокардиодистрофия, одышка, чакаралъул унти, свакан вугониги кару кваназе бихьизабун буго.

**Р У З Н А М А**
**Рекомендуемая советом алимов Муфтията РД для Гергебильского района РД**

## ИЮНЬ

| Дата | Утренний | Восход солнца | Обеденный | Аср | Вечерний | Ночной |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 02:12 | 04:15 | 11:55 | 15:53 | 19:27 | 21:04 |
| 2 | 02:11 | 04:14 | 11:55 | 15:54 | 19:27 | 21:05 |
| 3 | 02:11 | 04:14 | 11:55 | 15:54 | 19:28 | 21:06 |
| 4 | 02:10 | 04:13 | 11:55 | 15:54 | 19:29 | 21:07 |
| 5 | 02:09 | 04:13 | 11:56 | 15:55 | 19:30 | 21:08 |
| 6 | 02:08 | 04:13 | 11:56 | 15:55 | 19:30 | 21:09 |
| 7 | 02:07 | 04:12 | 11:56 | 15:55 | 19:31 | 21:10 |
| 8 | 02:07 | 04:12 | 11:56 | 15:56 | 19:32 | 21:11 |
| 9 | 02:06 | 04:12 | 11:56 | 15:56 | 19:32 | 21:12 |
| 10 | 02:06 | 04:12 | 11:57 | 15:56 | 19:33 | 21:13 |
| 11 | 02:05 | 04:12 | 11:57 | 15:56 | 19:33 | 21:14 |
| 12 | 02:05 | 04:11 | 11:57 | 15:57 | 19:34 | 21:14 |
| 13 | 02:05 | 04:11 | 11:57 | 15:57 | 19:34 | 21:15 |
| 14 | 02:04 | 04:11 | 11:57 | 15:57 | 19:35 | 21:16 |
| 15 | 02:04 | 04:11 | 11:58 | 15:58 | 19::35 | 21:16 |
| 16 | 02:04 | 04:11 | 11:58 | 15:58 | 19:35 | 21:17 |
| 17 | 02:04 | 04:11 | 11:58 | 15:58 | 19:36 | 21:17 |
| 18 | 02:04 | 04:11 | 11:58 | 15:58 | 19:36 | 21:18 |
| 19 | 02:04 | 04:12 | 11:59 | 15:59 | 19:36 | 21:18 |
| 20 | 02:04 | 04:12 | 11:59 | 15:59 | 19:37 | 21:18 |
| 21 | 02:04 | 04:12 | 11:59 | 15:59 | 19:37 | 21:19 |
| 22 | 02:04 | 04:12 | 11:59 | 15:59 | 19:37 | 21:19 |
| 23 | 02:05 | 04:12 | 11:59 | 15:59 | 19:37 | 21:19 |
| 24 | 02:05 | 04:13 | 12:00 | 16:00 | 19:37 | 21:19 |
| 25 | 02:06 | 04:13 | 12:00 | 16:00 | 19:38 | 21:19 |
| 26 | 02:06 | 04:13 | 12:00 | 16:00 | 19:38 | 21:19 |
| 27 | 02:07 | 04:14 | 12:00 | 16:00 | 19:38 | 21:19 |
| 28 | 02:07 | 04:14 | 12:00 | 16:00 | 19:38 | 21:19 |
| 29 | 02:08 | 04:15 | 12:01 | 16:00 | 19:38 | 21:18 |
| 30 | 02:09 | 04:15 | 12:01 | 16:01 | 19:37 | 21:18 |

*Цо гIакъилаб рагIиялъ гIадлуялде рачуна*
*Цо тIамураб кициялъ канал берал рагьула*
***Инхоса ГIали-хIажияв***

## Авар кицаби ва абиял

Гьикъизе нечоге, лъачIого вукIине неча.
ГьикъичIого бицарав цIам гьечIеб чурпа вуго.
ГьикъичIого босараб жо – бикъараб жо; бихьичIого бицараб жо - кьучI гьечIеб жо.
Гьикъулареб бицунге, бицунареб гьикъуге.
Гьикъун къо бачIунареб.
Гьикъун херлъуларел, гьикъун холарел.
Гьир бакIлъани, хIама чIола, хIос бекани, гьоко чIола.
Гьир бакIлъигун, хIама гьагIдолареб, юк бакIлъигун, гьоко дваргъолареб.
Гьир гIечIелъубе къвачIаги.
Гьир лъезе къваригIараб мехалъ, хIамида кьабулареб, кьинкIулеб.
Гьирида къачIони, къвачIида батулареб.
Гьирида цебе къвачIа биччалеб гIадат.
ГьитIинаб бугогIанила гIор хъудулеб.
ГьитIинаб гамачIалъги кIудияб гьецIо бекулеб.
ГьитIинаб гъалатIалъги кIудияб балагьалде рачине бегьулеб.
ГьитIинаб гъоркьан биччай, кIудияб тIасан биччай.
ГьитIинаб гьунаралдаса чIухIуге, кIудияб гьабулаго, хъуштIизе гурин.
ГьитIинаб гIакълу - кIудияб гIазаб.
ГьитIинаб гIочIолги къимат гьабе: къваригIараб кьоялъ цIа бакизегIаги батулеб.
ГьитIинаб жо кIодо гьабуге.
ГьитIинаб гIощтIоцайила кIудияб гьветI къотIулеб.
ГьитIинаб жо бугилан, щибго бикъуге: мочол мугь бикъани, гьебги цIогь буго.
ГьитIинаб жо кIодо гьабуни, кIудиябги хIехьон чIезе кколелила.
ГьитIинаб жоялъул хIалалдасаги цIунаги, хIалакъаб жоялъул жигаралдасаги цIунаги.
ГьитIинаб кIвахIалъ кIудияб зарал гьабулеб.
ГьитIинаб кIодо гьабуге, кIудияб рехун тоге.
ГьитIинаб лъимер бугеб рокъобе илбис лъугьунаребила.
ГьитIинаб мехалъ гогьдаризазурал, кIудиял гIейгун, эбел- инсул бетIералде рахунел.
ГьитIинаб халкъалъ жидерго чи кIодо гьавулевила, кIудияб халкъалъ гIодовегIан гьавулевила.
ГьитIинаб хъарчигъаялъ хьокой рагIи кьоларо.
ГьитIинаб хIалтIухъ кьолеб кIудияб мухь букIунаребила.
ГьитIинаб хIенхIидасанила кIудияб цIа рекIунеб.
ГьитIинаб цIаялъила кIудиял рукъзал рухIулел.
ГьитIинаб яхIалъги кIудияб гьунар гьабулеб, кIудияб яхIалъги бахIарчи вахъинавулев.
ГьитIинабги кIочон тун, кIудиялде вортуге.
ГьитIинабгIан нацIица цIикIкIун хIанчIулебила.

**Учредитель: администрация муниципального района "Гергебильский район"**
ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1951 СОНАЛЪ
**БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гъоркь: «Коммунизмаялъул нух», «Ахихъан»**

**Главный редактор - Ахмедов Б.М.**
**Телефон - 23-2-26**
**Адрес редакции и издателя:**
**Гергебильский район, с. Гергебиль.**
**ул. Наиба Идриса, 43**

**Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД. Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 05-00281 от 19 февраля 2014 г.**
Отпечатано в ООО «Дом печати» по адресу: г. Махачкала, ул. Акушинского 20А.
По вопросам качества печати обращаться в типографию.
*Заказ №________. Тираж 700 экз.*

**Газеталъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб.**
**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, цIаразул ва цогидалги баяназул жаваб кьола авторaз.**
**Гьединал макъалаби газеталда рахъула гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.**
***«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо».* Ж. Сервантес**

**Индекс 51350.**
**Цена свободная.**

Подписано в печать
4 июня 2026 г.
Время подписания в печать
по графику – 21:00
фактически – 20:00